



## Avètisman: Estati Vaksinasyon Ptit Ou a

Non Timoun nan:

Dat:

Nimewo Idantifikasyon Lekòl la:

Klas:

Lekòl:

Nimewo Telefòn Lekòl la:

Chè Paran/Responsab Legal:

Nou te revize dosye vaksinasyon ptit ou a epi nou te remake ke ptit ou pat pran vaksen ki rekòmande a (yo) pou l ka prezante lekòl la. Tanpri soumèt dosye ki montre ke ptit ou te resevwa vaksen ki nan lis anba a. Si nou pa resevwa dosye sa yo, annakò avèk Lwa Sante Biblik, Seksyon §2164, ptit ou p ap gen otorizasyon pou l kontinye vin nan lekòl la apre \_\_\_\_/\_\_\_\_/\_\_\_\_\_. **Tanpri sonje: Si ptit ou te pran dòz vaksen yo ANVAN laj minimòm nan oswa entèval mininòm nan, dòz sa yo PA konte kòm kantite dòz ki nesesè yo.**

Vaksen	Kantite Dòz Nesesè a(yo)	Nòt (Al gade nan SH65 pou detay sou laj ak klas yo)
<b>DTaP</b> (Difteri-tetanòs-koklich aselilè) <b>DTP</b> (Difteri-tetanòs-koklich) <b>Td</b> (Tetanòs-difteri)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup> 5 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kat dòz pou Klas Pre-K.</li> <li>Senk dòz pou Klas Kindergarten jiska Klas 5<sup>yèm</sup> ane; si yo te administre 4<sup>yèm</sup> dòz DTaP la nan laj 4 an oswa plis, 5<sup>yèm</sup> dòz la pa nesesè, epi si yo kòmanse seri yo nan laj 7 an oswa plis, se sèlman 3 dòz ki nesesè.</li> <li>Twa dòz pou Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska 12<sup>yèm</sup> ane.</li> </ul>
<b>Tdap</b> (Tetanòs-difteri-koklich aselilè)	1 <sup>ye</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pou tout timoun ki gen laj 11 an oswa plis ki nan Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska 12<sup>yèm</sup> ane.</li> </ul>
<b>IPV/OPV</b> (Polyo)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Twa dòz pou Klas Pre-K, Klas 5<sup>yèm</sup> ane, 11<sup>yèm</sup> ane ak 12<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>Kat dòz obligatwa pou Klas Kindergarten jiska Klas 4<sup>yèm</sup> ane ak Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska Klas 10<sup>yèm</sup> ane; si l te resevwa 3<sup>yèm</sup> dòz la, nan laj 4 an oswa plis, se sèlman 3 dòz ki nesesè.</li> <li>Pou tout klas yo, timoun yo dwe resevwa dènye dòz la nan laj 4 an oswa apre laj 4 an epi omwen 6 mwa apre yo te pran dòz anvan an. Pou priz san ki montre prèv pou pwoteksyon, <u>toulètwa sewotip pou polyo yo</u> obligatwa.</li> </ul>
<b>Hib</b> (Haemophilus influenzae tip b)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pou timoun ki nan Gadri ak Pre-K sèlman: yo dwe bay timoun sa yo vaksen ki apwopriye pou laj yo ak orè vaksinasyon woutin pou timoun ak/oswa orè ratrapaj yo.</li> </ul>
<b>MMR</b> (Lawoujòl, malmouton, ribeyòl)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon dòz jou oswa apre 1<sup>ye</sup> anivèsè nesans la pou timoun ki nan Pre-K yo. De dòz pou Klas Kindergarten jiska Klas 12<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>Se pou yo bay dez<sup>yèm</sup> dòz yon vaksen kont lawoujòl (MMR preferab) 28 jou oswa plis apre premye dòz la. Priz san ki demontre prèv pou pwoteksyon, akseptab.</li> </ul>
<b>Hep B</b> (Epatit B)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Twa dòz pou Klas Pre-K jiska Klas 12<sup>yèm</sup> ane. Priz san ki demontre prèv pou pwoteksyon oswa enfeksyon kwonik, akseptab.</li> </ul>
<b>Varisèl</b> (Saranpyon)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon dòz jou oswa apre 1<sup>ye</sup> anivèsè nesans la pou Klas Pre-K, Klas 5<sup>yèm</sup>, 11<sup>yèm</sup> ak 12<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>De dòz pou timoun ki nan Klas Kindergarten jiska Klas 4<sup>yèm</sup> ane ak Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska Klas 10<sup>yèm</sup> ane, ke yo administre sou yon entèval de omwen 28 jou. Priz san ki demontre prèv pou pwoteksyon OSWA dokimantasyon pwofesyonèl swen sante a bay sou maladi a, akseptab.</li> </ul>
<b>PCV</b> (nemokoksik konjige)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pou timoun ki nan Gadri ak Pre-K sèlman: yo dwe bay timoun sa yo vaksen ki apwopriye pou laj yo ak orè vaksinasyon woutin pou timoun ak/oswa orè ratrapaj yo.</li> </ul>
<b>MenACWY</b> (Konjige kont Menengokòk)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon dòz pou timoun ki nan Klas 7<sup>yèm</sup>, 8<sup>yèm</sup> ane ak 9<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>De dòz pou timoun ki nan Klas 12<sup>yèm</sup> ane, ki te resevwa omwen yon dòz nan laj 16 an oswa plis. Si l te resevwa 1<sup>ye</sup> dòz la, nan laj 16 an oswa plis, se sèlman yon dòz ki obligatwa</li> </ul>

Si ptit ou a gentan pran vaksen sa yo, bay enfimyè lekòl la oswa direktè lekòl ou a dosye ofisyèl la. Tanpri jwenn ansanm ak dokiman sa a kopi orè vaksen lekòl ki obligatwa a pou ane 2018-2019 la. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan ki kote ptit ou a ka al pran vaksen, rele 311.

(Principal Name/Signature)